

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho babandingan kandaga kecap tribasa (basa Sunda, basa Jawa, basa Melayu) naon waé nu aya di Désa Segaran Kecamatan Batujaya Kabupatén Karawang. Satuluyna dianalisis wangun jeung pola kecapna, jeung babandingan struktur léksikal tribasana.

Kahiji, tina 370 kecap budaya anu diujikeun ka informan kapanggih aya 360 kecap anu bisa dibandingkeun tur ilahar digunakeun di Désa Segaran. Dumasar wangun jeung pola kecapna, dina babandingan kandaga kecap tribasa di Désa Segaran kapanggih aya 251 kecap asal jeung 109 kecap jembar. Kecap asal anu kapanggih aya sapola Pola 1 (BS : KA – BJ: Kx – BM : Ky) dumasar kana pola umum kapanggih aya lima subpola, anu panglobana aya dina Pola 1a (BS : KA = BJ: KA = BM : KA), ari anu pangsaetikna nyaéta Pola 1e (BS : KA ≠ BJ : KRdy ≠ BM : KK). Salian ti kecap asal, dina kecap rundayan anu kapanggih aya sapola Pola 2 (BS : KRdy – BJ: Kx – BM : Ky) dumasar kana pola umum kapanggih aya lima subpola, anu panglobana aya dina kecap rundayan Pola 2a (BS : KRdy = BJ : KRdy = BM : KRdy). Dina kecap rajékan anu kapanggih aya sapola Pola 3 (BS : KR – BJ: Kx – BM : Ky) dumasar kana pola umum kapanggih aya lima subpola, anu panglobana aya dina kecap rajékan Pola 3d (BS : KR = BJ : KR ≠ BM : KK). Dina kecap kantétan anu kapanggih aya sapola Pola 4 (BS : KK – BJ: Kx – BM : Ky) dumasar kana pola umum kapanggih aya lima subpola, anu panglobana aya dina Pola 4a (BS : KK = BJ : KK = BM : KK).

Katilu, dumasar aspék dina babandingan kandaga kecap tribasa di Désa Segaran dipaké 12 istilah anu ngajembaran ti 200 kecap Swadesh jadi 370 kecap nyaéta (1) istilah babagian awak, (2) istilah gaganti ngaran, (3) istilah pancakaki, (4) istilah imah jeung babagianna, (5) istilah usum jeung kaayaan alam, (6) istilah pakéan, (7) istilah pakasaban, (8) istilah sasatoan, (9) istilah tutuwuhan jeung bungbuahan, (10) istilah kagiatan, (11) istilah panyakit, (12) istilah bilangan jeung ukuran.

Kaopat, dumasar babandingan struktur léksikal dina babandingan kandaga kecap tribasa di Désa Segaran, aya opat anu hal anu dibandingkeun nyaéta (1) wangun jeung ma'na sarua, (2) wangun mirip ma'na sarua (sawanda), (3) wangun sarua ma'na béda (homonim), jeung (4) wangun béda ma'na sarua (sinonim).

5.2 Implikasi

Aya dua implikasi tina ieu panalungtikan, nyaéta (1) bisa ngalelempeng salah makéna atawa salah ngagunakeun kecap lantaran aya pacampur antara basa Sunda, basa Jawa jeung basa Melayu, jeung (2) bisa nyadarkeun makéna basa anu bener ka lingkungan masarakat.

5.3 Rékomendasi

Aya sababaraha saran nu ditujukeun ka sababaraha pihak, saperti (1) lembaga, hususna lembaga basa jeung sastra Sunda jeung (2) panalungtik satuluyna.

Pikeun Lembaga basa jeung Sastra Sunda, salaku lembaga anu ngamumulé basa Sunda dipiharep bisa kaeuyeuban ku ieu panalungtikan. Perlu aya invéntaristir babandingan tribasa (Sunda, Jawa, Melayu) di wilayah Kabupatén Karawang nu leuwih lega hususna di Désa Segaran.

Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan miboga kahéngkeran, saperti dina sumber data ieu panalungtikan dikawatesan ngan 5 profési, atuh dina panalungtikan satuluyna mah dipiharep bisa ngawengku leuwih loba deui profési. Ari datana kawatesanan lantaran dina ieu panalungtikan jumlah kecap anu dipaké instrumen karak 377 kecap, padahal jumlah kecap anu bisa dijadikeun daptar tanyaanna bisa leuwih réa. Ku kituna perlu panalungtikan séjén anu jumlah daptar tanyaanna ngawengku kecap tribasa nu leuwih nyosok jero kalayan daptar pananya anu leuwih euyeub.